



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO OUVÈ NOUVO ESTASYON SUBWAY NAN 86TH STREET LA
AK NOUVÈL ANTRE ESTASYON SUBWAY NAN 63RD STREET LA**

Pòt Ouvèt la Ofri Nouyòkè yo yon Vizit Apèsi Espesyal pou yo Wè Nouvo Estasyon Subway nan 86th Street la

Nouvèl Antre nan Estasyon 63rd Street la ouvri jodi a l ap founi Aksè Imedya a Tren F la Jodi a, ak Aksè a Sèvis Q apati 1e Janvyè a Midi

Ouvèti Liy Second Avenue an ap gen ladan l Trajè Inogiral la k ap fèt Lavèy 1e Janvyè; Sèvis Peyè yo ap Kòmanse 1e Janvyè a Midi

Foto Estasyon 86th Street la Ekspoze Èv Atizay Chuck Close desine ki gen Kalib Mondyal yo disponid [Isit la](#) epi Estasyon 63rd Street la Ekspoze Èv Atizay Jean Shin desine ki gen Kalib Mondyal yo [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te ouvè nouvo estasyon Subway Second Avenue nan 86th Street la, epi lanse yon pòt ouvèt nan estasyon an ki pral kòmanse apati 4:30 PM rive 7:00 PM jodi a. Gouvènè a te anonse yon nouvo antre nan subway a ouvri nan 63rd Street ak 3rd Avenue an, k ap pèmèt kliyan MTA yo kòmanse jwenn aksè a liy F la imedyatman, ak Tren Q Subway Second Avenue an lè sèvis kòmanse dimanch a midi, epi li te revele nouvo èv atizay nan estasyon an yo.

Nan evènman an estasyon 86th Street la, Gouvènè a te envite Nouyòkè yo nan pòt ouvèt la pou yon vizit apèsi pou yo wè estasyon an, ki gen plafon wo, konsepsyon ouvèt antyèman san poto, byen eklere, epi ki gen èv atizay kontanporen ki gen kalib mondyal. Pòt ouvèt jodi a vini apre nouvo Estasyon 96th Street semèn pase a, ki te make premye fwa piblik la gen aksè a Subway Second Avenue an depi kòmansman konstriksyon an. Menm jan ak sa 96th Street la, gen mo sa yo: “Excelsior” (“Toujou pi wo”) ak “E Pluribus Unum” (“Pami Plizyè gen yon sèl”) - ki se Mesaj New York pou moun k ap vwayaje nan subway yo nan New York – ki afiche sou travès anndan nouvo estasyon an yo. W ap jwenn foto estasyon 86th Street la yo disponib [isit la](#) ak sa estasyon 63rd Street la yo [isit la](#).

Gouvènè Cuomo te di: “Nouvo estasyon yo mayifik an fòm tankou nan fonksyon, soti nan konsepsyon inovatif yo a rive nan èv atizay ki gen kalib mondyal ki dekore mi yo, epi nou kontan anpil pou nou akeyi Nouyòkè yo pou yo wè nouvo estasyon yo ki pral vin fè pati lavi yo chak jou. Ouvèti atan Subway Second Avenue an se prèyè konkrè kouraj ak detèminasyon Nouyòkè yo, epi li pral founi soulajman yo byen bezwen nan yon sistèm ki plen anbouteyaj. Mwen ankouraje tout Nouyòkè pou yo vin vizite epi pwofite de nouvo liy subway endispansab sa a.”

Pòt ouvèt la vini apre [prezantasyon](#) Gouvènè a te fè resaman sou pi gwo enstalasyon atizay piblik nan istwa eta a ki pral ekspoze nan nouvo estasyon Subway depwent nan Second Avenue an yo. Trajè inogiral Subway nan Second Avenue an pral fèt nan reveyon nouvel an epi trajè peye yo pral kòmanse 1e Janvyè a midi.

Prezidan ak PDG MTA a Thomas Prendergast te di: “Nou kontan anpil pou nou kòmanse nouvel ane a avèk yon nouvo liy Subway epi nou envite tout Nouyòkè yo pou yo vin wè yon ti apèsi jodi a. Lansman nouvo Subway Second Avenue an se yon gwo moman nan istwa MTA a epi nou pran dispozisyon pou nou make istwa plis ankò lè nou kòmanse travay nan dezyèm faz subway a pou rive nan 125th Street. Se sa MTA dwe fè chak jou – fè fonksyone sistèm yo ki nan kè ekonomi rejyon an men amelyore ak agrandi sistèm sa yo pou kontinye fè kwasans rejyon an vin pi solid ankò. Nou remèsye Gouvènè Cuomo paske l ap ede nou akonpli toulede.”

Pòt Ouvèt yo (Open Houses)

Pou bay Nouyòkè yo yon apèsi espesyal pou yo wè nouvo estasyon nan 86th Street la, Gouvènè a te anonse yon vizit espesyal ak yon pòt ouvèt nan Estasyon 86th Street la. Pòt ouvèt la pral kòmanse nan entèseksyon Nòdès (North East) 86th Street la ak Second Avenue an. Pèsonèl MTA yo pral sou plas pou reponn a kesyon epi distribiye kat jewografik plan ak atik komemoratif ki make agrandisman transpò komen istorik sa a.

Nouvel antre nan 63rd Street ak Third Avenue an pral ouvè jodi a pou sèvis peye tou. Atis Jean Shin pral sou plas pou diskite atizay li yo, epi pèsonèl nivo siperyè yo pral disponib pou pale sou antre an soti 4:30 rive 7 p.m.

Nouvo Estasyon 86th Street la gen ladan aksè pou kontwòl klimatik dezaktive a pou maksimize konfò kliyan yo, pano siyalizasyon modèn enfòmatisè, ak konstriksyon san poto pou yon atmosfè ouvè, byen ayere. Estasyon an mezire 969 pye nan longè ak 45 pye nan lajè, epi yo te konstwi l avèk plafon wo, ak yon kosepsyon san poto pou kreye yon sans ayere ki ouvè. Konsepsyon mezzanine de (2) nivo li a se yon karakteristik regilye nan estasyon Second Avenue an yo epi l ap amelyore sikilasyon vwayajè yo, redwi anbouteyaj sou kè yo epi amelyore eksperyans global pou vwayajè subway yo.

Atizay nan Estasyon 86th Street la genyen ladan l 12 atizay a gran echèl Chuck Close te desine ki rele “Pòtrè Subway yo” (“Subway Portrait”) - ki se tablo pòtrè an mozayik ak seramik ki mezire nèf pye nan longè ki baze sou foto kòm entèpretasyon atis la te desine detay yo avèk anpil swen. Moun yo fè pòtrè yo se figi kiltirèl ki te souvan sèvi kòm modèl li ki gen ladan yo, Philip Glass, Zhang Huan, Kara Walker, Alex Katz, Cecily Brown, Cindy Sherman, ak Lou Reed, ansanm ak de (2) otopòtrè diferan.

Nan 63rd Street la, enstalasyon Jean Shin nan, ki titre “Elevated” la (Wo) itilize foto achiv tren Elevated 2nd ak 3rd Avenue yo pou kreye konpozisyon sou seramik, mozayik an glas ak glas feyte nan chak nivo estasyon yo – antre, etaj nan mitan, ak platfòm nan. Imaj yo gen ladan yo sèn konstriksyon ak imaj istorik katye a yo, ki gen ladan yo materyèl semi transparan ak reflektiv ki pèmèt obzèvatè kontanporen yo wè tèt yo nan peyizaj iben pase yo.

W ap jwenn foto atizay Subway Second Avenue an disponib [isit la](#); gen yon videyo

ekspozisyon atizay yo ki disponib [isit la](#).

Faz 1

Faz 1 Subway nan Second Avenue an gen ladan l twa nouvo estasyon ki konfòm a règ ADA yo (Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo) nan 96th Street, 86th Street ak 72nd Street, ak nouvo antre estasyon ki te la deja nan Lexington Av/63rd Street nan 63rd Street ak Third Avenue an. Faz I an pral founi sèvis soti nan 96th Street rive nan 63rd Street epi li pral sèvi plis pase 200,000 moun pa jou, sa ki pral redwi anbouteyaj sou Liy Lexington Avenue lan epi restore yon lyen transpò komen pou ale nan yon katye ki te pèdi liy Second Avenue Elevated nan ane 1940 lan. Liy Q ki la deja pral kontinye atravè 63rd Street rive jis Coney Island.

Sèvis peye yo ap kòmanse apati midi nan dat 1e Janvyè, lè premye tren Q anwo lavil ki ale nan Second Avenue an ap kite estasyon 57th-7th Avenue. Tren yo pral pase chak 6 minit lè se èdepwent yo epi y ap fonksyone de 6 a.m. a 10 p.m. pou rèz premye semèn nan. Sèvis pandan lanwit ap kòmanse apati Lendi 9 Janvyè.

Faz I Second Avenue an pral diminye anbouteyaj sou Liy adjasan Lexington Avenue lan avèk ozanviwon 13 pousan oswa 23,500 mwens moun an mwayèn pa jou nan lasemèn lan. L ap redwi tan deplasman yo a jiska 10 minit oswa plis pou sila yo ki sou kote fawès la oubyen sila k ap deplase soti nan kote lès pou ale nan kote lwès sant vil la. Lòt faz pwojè a ap pwolonje liy lan rive Hanover Square nan Distri Finansye a. Nouvo estasyon yo ap founi transfè pou ale nan lòt liy subway ak liy tren banlye yo tou.

Semèn pase a, Gouvènè a te [anonse yo pral enstale](#) plis pase 12,600 nouvo kat jewografik plan anndan wagon subway yo ak apeprè 1,000 gwo kat jewografik plan estasyon yo ki pi laj, pou montre nouvel liy Subway Second Avenue an. Li te [revele tou nouvo èv atizay dramatik](#) ki pral dekore nouvo estasyon Subway Second Avenue yo, kounye a ki se enstalasyon èv atizay pèmanan ki pi laj nan istwa Eta a New York la, epi li te òganize premye pòt ouvèt pou nouvo liy nan nouvo estasyon 96th Street la.

Nan kad efò Gouvènè a te fè yo pou l konstwi yon rezo transpò 21èm syèk ki pi entèlijan, pi rapid ak pi efikas plis pase avan, eta a te lanse paj wèb "[Nouvo MTA](#)" a. Paj wèb la pral ofri yon gid ki rasanble tout pwopozisyon yo yon sèl kote ki fè pati plan enfrastrikti \$100 milya san parèy New York la pou konstwi yon nouvo New York.

Ekspansyon Metwo Second Avenue a fè pati gran inisyativ Gouvènè a ap fè nan tout eta a pou redevlope epi rekonstwi enfrastrikti ansyen New York yo soti nan baz rive anwo. Plan konplè a genyen ladan l, yon nouvo Ayewopò LaGuardia, yo pral reyamenaje estasyon Penn Station lan konplètman, anpil pwojè Swivi 2èm ak 3èm Ray Tren LIRR (Long Island Rail Road) yo, Nouvo Pon New York Bridge la, gwo agrandisman Sant Jacob K. Javits Center a, ansanm ak yon revizyon ak modènizasyon konplè sèt pon MTA yo ak de (2) tinèl nan reyon metwopolitèn nan yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418